# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–03 अक्टूबर 2025** **भोजपुरी समाचार**

वित्त मंत्री निर्मला सीतारामन विकसित भारत क लक्ष्य के पावे बदे आठ फीसदी जीडीपी वृद्धि दर पर जोर दीहले हईं। नई दिल्ली में आजु कौटिल्य आर्थिक सम्मेलन क उद्घाटन सत्र के सम्बोधित करत उहां के कहलिनि कि वैस्विक अस्थिरता के बिच्चे घरेलू कारकन से देस क विकास दर मजबूत बनल हौ। वित्त मंत्री कहलिनि कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी दुइ गो राहि तय कइले हवें। पहिला राहि दुइ हजार सैंतालीस ले विकसित भारत क लक्ष्य पावल हौ ओहीं दुसरका राहि आत्मनिरभरता के जरिये भारत के विकसित बनावल बा।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बिहने नई दिल्ली से बासठ हजार करोड़ रुपया से बेसि क लागत वाली अलगि–अलगि युवा केन्द्रित पहलन क शुरुआत करबि। येही क्रम में ऊ, नौजवानन के कौसल विकास क एगो इतिहासिक पहल के तहत देस भर के एक हजार सरकारी आईटीआई संस्थानन के उन्नयन बदे पीएम–सेतुओ क उद्घाटन करिहें।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी क लोकप्रिय मासिक रेडियो कार्यक्रम 'मन की बात' आजु आपन ग्यारह बरिस पूरा कइ लिहले। 'मन की बात' क पहिला एपिसोड तीन अक्टूबर दुई हजार चउदह के विजयादसमी के मौका पर प्रसारित कइल गइल रहे। एगो रिपोर्ट–

**मन की बात कार्यक्रम प्रधानमंत्री और जनता के बीच संवाद का एक महत्वपूर्ण मंच बन गया है। मन की बात कार्यक्रम के एक एपिसोड में प्रधानमंत्री मोदी ने मन की बात के श्रोताओं की सराहना करते हुए कहा कि इस कार्यक्रम के असली सूत्रधार वही हैं। मन की बात कार्यक्रम सरकार और जनता के बीच सीधा संवाद स्थापित करता है जो लोगों को सामाजिक बदलाव के लिए प्रेरित करता है और राष्ट्रीय एकता पर बल देता है। इस रेडियो कार्यक्रम ने नीतियों को जन आंदोलन में बदल दिया है और यह दिखाया है कि एक नेता की आवाज देश के हर कोने तक पहुंच सकती है। अमन यादव के साथ शिवांग मिश्रा, आकाशवाणी समाचार दिल्ली।**

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर के गोरखनाथ मंदिर परिसर में जनता दर्सन कार्यक्रम के दौरान करीबि दुई सौ से बेसी लोगिन के समस्या सुनलीं। उहां के सम्बन्धित अधिकारियन के लोगिन के समस्या के परभावी निस्तारण क निर्देस दिहलीं। मुख्यमंत्री येह मौका पर अधिकरियन से कहलीं कि नागरिकन के जीवन में खुसहाली ले आइल सरकार क संकल्प हौ। येह बदे जनसमस्यन के निस्तारण के प्राथमिकता दिहल जाएं।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी की ओरि से घोसित 'जीएसटी बचत उत्सव' समाज के सज्जो बरग के लोगिन के फायदा पहुंचा रहल हौ। एगो रिपोर्ट–

**अगिला पीढ़ी बदे जीएसटी सुधारन के तहत सरकार स्टेसनरी आ पढ़ाई लिखाई के समानन पर ढेरे राहत देहले हौ। पढ़े वाले विद्यार्थी आ खुदरा दोकानदारन के लाभ पहुंचावे खातिर पिंसिल, नोटबुक, कॉपी, अभ्यास पुस्तिकन, ग्राफ बुक और प्रयोगसाला नोटबुक अब पूरहर तरीका से जीएसटी मुक्त हो गइल हवें। पिंसिल, शापनर आ इरेजर पर अब कउनो कर नाही लगी। एकरे अलावे ज्योमैट्री बॉक्स आ गणितीय उपकरण सेटन पर पहिले बारह फीसदी जीएसटी रहल, जेहके घटा के पांच फीसदी कइ दिहल गइल हौ। येह बदलावन से विद्यार्थियन, अभिभावक लोगिन आ मास्टनर खातिर जरूरी स्टेसनरी आ सैक्षिक सामग्री क लागत कम होई। छोटहन दुकानदारन आ खुदरा दोकानदारन के बिकिरियो में बढ़ोत्तरी क ओम्मेद हौ। आकाशवाणी नई दिल्ली से नीतिका गुप्ता के रिपोर्ट के साथे समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।**

**********

दुर्गा पूजा महोत्सव के बादे कल्हियें से माता दुर्गा के मूरतियन क बिसरजन जारी बा। प्रदेस के अलगि–अलगि जिलन में दुर्गा मूरति के विसर्जन के दौरान सुरक्षा क कड़ेर इंतजामि कइल गइल हौ। हमरे गोरखपुर प्रतिनिधि बतउलन कि ओहवां पूजा पांडाल समितियन से जुड़लि लोगि अबीर गुलाल उड़ावत मां दुर्गा क मूरति विसर्जित करे जा रहल हवें। सुरक्षित विसरजन खातिर कुछ जगहिन पर रूट डायवर्जनों लागू कइल गइल बा।

**********

आगरा के खेरागढ़ थान्हा क्षेत्र के डूंगलरवाला उटंगन नदी में काल्हि मुरती बिसरजन के दौरान तेरह जने डूबि गइलें। स्थानीय प्रसासन के कोसिस से आखिरी समाचार मिलले ले छौ जने के बहरे निकारल जा सकल रहे। एहमें से पांच जने क मउति हो गइल, आ एगो नौजवान गम्हिराहे घाही बाटे। प्रदेस क पर्यटन अउर संस्कृति मंत्री जयवीर सिंह घटना वाले जगहि क दौरा कइ के पीड़ित परिवारन से मुलाकाति कइलें।

**********

मौसम विभागि पूरबी उत्तर प्रदेस में पांच अक्टूबर ले कहीं–कहीं भारी बरखा क धिरवनिया दिहले हौ। विभाग के मोताबिक येह अंचल में आजु आ बिहने कहीं कहीं बिजुलियो गिरले आ तेज झोंकेदार हवा चललहु क आसंका बा। येह बिच्चे, आजु प्रदेस के गोरखपुर आ प्रयागराज के लेके कई गो अउरियो जिलन में हल्लुकाहे से लेके तेज बरखा भइले से मौसम क मिजाज बदल गइल। प्रदेस के पूर्वी हिस्सन में अबहिनों आसमान में बादर छवले बाटें।

**********